



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSES NOUVÈL MEZI POU ASIRE ESPAS TRAVAY KI DIVÈS, ENKLIZIF, EPI SEKIRIZE YO**

*Li Pipliye Modèl Preliminè Politik Asèlman Seksyèl, Fòmasyon ak Oryantasyon Ki Relatif yo pou Anplwayè nan New York yo pou Kòmantè ak Sigjesyon yo Anvan Dat 12 Septanm 2018*

*Pake Asèlman Seksyèl Ki Ap Mennen nan Nasyon an nan yon Inisyativ Siyati nan Kalandriye Fanm pou New York 2018 li an: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego*

*Li Òdone Biwo pou Relasyon Anplwaye Gouvènè a pou Pran Kontwòl Tout Ankèt sou Plent pou Diskriminasyon ak Asèlman nan Travay yo nan Ajans Leta yo - Gade Dekrè Egzekitif lan [La a](#)*

*Li Bay Ofisye Divèsite An Chèf ak Komisè Sèvis Sivil lan Responsabilite pou Divèsite ak Enklizyon Mendèv Atravè Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a mezi pwogresis pou ka abòde pwoblèm diskriminasyon ak asèlman nan espas travay lan, ak plis opòtinite egal ego nan alafwa sektè prive ak mendèv eta a. Mezi sa yo gen ladan piblikasyon materyèl preliminè yo ak oryantasyon sou lwa sou asèlman seksyèl modènize Eta New York, epi siyati yon dekrè egzekitif pou bay Biwo pou Relasyon Anplwaye Gouvènè a (Governor's Office of Employee Relations, GOER) enstwiwksyon pou pran kontwòl tout ankèt sou plent pou diskriminasyon ak asèlman nan ajans leta yo. Gouvènè a te bay tou Ofisye Divèsite An Chèf ak Komisè Sèvis Sivil lan responsabilite pou nouvo efò divèsite ak enklizyon mendèv yo atravè Eta a.

“New York kontinye voye mesaj la fò epi klè pou di ke nou pa pral aksepte okenn fòm diskriminasyon oswa asèlman seksyèl”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak mezi sa yo, nou ap ajoute sou lwa ki kont asèlman seksyèl yo ki pi djanm nan nasyon an yo, epi asire ke yo abòde pwoblèm kondwit entolerab sa a nan espas travay yo rapidman epi agresivman atravè Eta a.”

“Nou ap kontinye leve kanpe pou anpeche diskriminasyon nan espas travay yo epi batay pou fanm New York yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Mezi jodi a yo kontinye pi plis ak angajman nou te pran pou asire ke espas travay yo atravè eta a yo pa gen asèlman. Gouvènè Cuomo ansanm ak mwen nou te travay san fatige

pou konbat asèlman seksyèl, asèlman, ak diskriminasyon, epi nou pral kontinye pwopoze solisyon pou pwoteje tout moun New York yo.”

**Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te deklare,** “Ane sa a, Gouvènè Cuomo te adopte politik kont asèlman seksyèl ki pi djanm nan nasyon an pou konbat flewo asèlman jeneralize nan espas travay yo. Ak mezi pwogresis sa yo, New York ap sible dirèkteman kilti diskresyon ak abi pouvwa yo ki te pèmèt asèlman seksyèl yo pwospere. Nan batay pou dwa ak egalite fanm yo, New York ap yon lòt fwa ankò pran devan”.

Aksyon sa yo ap ajoute sou rekò Gouvènè a genyen nan ogmantasyon pwoteksyon yo epi asire opòtinite egal ego nan espas travay yo. An Avril, Gouvènè a [te pwopoze](#) pwojè lwa ki elabore pou mete New York sou wout pou konble vid salaryal ki baze sou sèks lan lè li entèdi tout patwon piblik ak prive yo ki ap fè biznis nan Eta New York yo mande anplwaye evantyèl yo kesyon sou antesedan ak konpansasyon salaryal yo. Pwojè lwa sa a ajoute sou de [dekrè egzekitif](#) ke Gouvènè a te siyen ane pase, ki te entèdi antite leta yo evalye kandida baze sou antesedan salaryal yo epi egzije antrepriz leta yo divilge enfòmasyon sou sèks, ras ak etnisite anplwaye yo - ki ap byen itilize lajan kontribiyab yo pou favorize transparans epi pwopoze ekite salaryal atravè eta a.

An 2017, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Travay la (Department of Labor) pou li etidye kòz, kad ak enpak ekonomik eka onivo salè fanm ak gason nan Eta New York, epi bay rekòmandasyon onivo règleman pou ede konble eka sa a. Rapò an, ki disponib [isit la](#), esplike sityasyon eka onivo salè fanm ak gason nan New York, ki gen ladan etandi li nan diferan nivo ekonomik e nan tout rejyon nan eta a.

Ane pase, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) aksyon enteresan pou ogmante kantite minorite ki nan mendèv gouvènman Eta a, ki enkli pwopozisyon pwojè lwa pou kapab akselere anbochaj divès kandida ki wotman kalifye yo, epi elaji aksè a tès ak preparasyon pou egzamen Sèvis Sivil yo. Aksyon sa yo te rekòmande pa Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon (Advisory Council on Diversity and Inclusion) Gouvènè a.

### **Li Pibliye Materyèl Preliminè yo ak Oryantasyon sou Lwa sou Asèlman Seksyèl Modènize Eta New York yo**

Nan dat 12 Avril, Gouvènè Cuomo te siyen pou vin tounen lwa Bidjè Eta New York 2019 lan, ki gen ladan pake asèlman seksyèl ki pi djanm epi pi global nan nasyon an. Pake sa a te yon pwopozisyon siyati ki soti nan [Kalandriye Fanm pou New York 2018 li an: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego](#) (2018 Women's Agenda for New York: Equal Rights, Equal Opportunity).

Nouvèl lwa a etabli yon “estanda minimòm” modèl politik asèlman seksyèl pou tout anplwaye (piblik ak prive) ki nan Eta New York yo pou adopte epi itilize li jan li ye a oswa itilize li kòm yon baz pou etabli pwòp politik yo. Li egzije tou tout antrepriz eta yo pou yo soumèt yon deklarasyon pou di ke yo gen yon politik pou asèlman seksyèl yo, epi pou di ke yo te fòme tout anplwaye yo sou politik lan.

Yo ap pibliye atik sa yo jodi a:

- Nouvo [sit entènèt](#) ak resous pou patwon ak anplwaye yo
- Estanda miminòm pou politik ak fòmasyon pou prevansyon asèlman seksyèl pou anplwayè yo
- Modèl politik prevansyon asèlman seksyèl - yo konsidere politik sa a kòm kondisyon “estanda minimòm”, epi biznis yo ka chwazi adopte li jan li ye a, oswa itilize li kòm yon baz pou etabli pwòp politik yo. Tout politik yo dwe reponn a estanda minimòm yo ke yo te etabli nan politik modèl lan.
- Modèl fòmasyon plent pou asèlman seksyèl
- Modèl fòmasyon (liv maniskri ak prezantasyon PowerPoint)
- Kesyon Yo Poze Souvan yo

Materyèl ke yo te pibliye jodi a se dokiman preliminè yo epi eta a ap chèche kòmantè bò kote popilasyon an, ki gen ladan patwon ak anplwaye yo, sou materyèl yo pwopoze yo. Yo ka soumèt kòmantè yo apati nouvo sit entènèt lan nan dat oswa anvan 12 Septanm 2018. Yo pral revize kòmantè yo epi yo pral konsidere revizyon ki nesèsè yo.

Apati 9 Oktòb 2018, tout anplwayè yo (piblik ak prive) dwe adopte yon politik, epi bay yon kopi alekri politik lan ak fòmasyon anyèl pou tout anplwaye yo.

Apati 1 Janvyè 2019, tout antrepriz leta yo pral gen egzijans pou yo soumèt yon deklarasyon pou di ke yo gen yon politik pou asèlman seksyèl yo ki reponn a estanda minimòm yo, epi pou di ke yo te fòme tout anplwaye yo.

### **Li Òdone Biwo pou Relasyon Anplwaye Gouvènè a pou Pran Kontwòl Tout Ankèt sou Plent pou Diskriminasyon ak Asèlman nan Travay yo nan Ajans Leta yo**

Pou kapab pwomouvwa pi plis ankèt ki efikas, ki konplè epi ki ponktyèl sou plent pou asèlman diskriminasyon nan travay yo epi pou asire ke ankèt sa yo pa sijè a okenn konfli enterè, Gouvènè a te siyen jodi a yon [Dekrè Egzekitif](#) ki òdone Biwo pou Relasyon Anplwaye Gouvènè a pou vin antite prensipal ki responsab pou mennen tout ankèt sou plent sa yo ke anplwaye, antrepriz, entèniz ak lòt moun ki angaje nan anplwa pou ajans leta yo te depoze. Nenpòt moun ki angaje nan anplwa pou ajans leta yo pral kontinye gen dwa pou adisyonèlman depoze plent nan biwo Enspektè Jeneral lan ki ka mennen ankèt sou kondwit ki ka mennen a fwod, abi, aktivite kriminèl, konfli enterè yo, abi nan biwo yo, oswa gaspiyaj yo.

Chanjman an pral rantre an vigè nan dat 1 Desanm 2018, epi li pral enplike ajisteman nan pèsònèl pou asire ke GOER gen tout pèsònèl ke li bezwen pou ka akonpli objektif anketè li yo. Chanjman an pral gen ladan tou fòmasyon ki modènize sou pwosesis lan pou tout pèsònèl nan ankèt yo, ansanm ak tout pèsònèl ajans ki enplike nan abòde alegasyon pou diskriminasyon ak asèlman yo.

### **Li Bay Ofisye Divèsite An Chèf ak Komisè Sèvis Sivil lan Responsabilite pou Divèsite ak Enklizyon Mendèv Atravè Eta a**

Dekrè Egzekitif jodi a òdone etablisman Biwo pou Jesyon Divèsite a (Office of Diversity Management) nan Depatman Sèvis Sivil lan (Department of Civil Service). Biwo pou Jesyon Divèsite a ta dwe responsab pou asiste Komisè Sèvis Sivil lan ak Ofisye

Divèsite An Chèf lan nan Eta a nan devlopman ki efikas ak reyalizasyon plan, politik ak pwogram pou divèsite ak enklizyon yo atravè Eta a yo. Pou ajoute sou eritaj Gouvènè Cuomo genyen nan elaji opòtinite pou moun New York yo ak rekòmandasyon Konsèy Konsiltatif sou Divèsite ak Enklizyon Gouvènè a, Dekrè Egzekitif lan bay Ofisye Divèsite An Chèf lan ak Komisè Sèvis Sivil lan responsabilite pou kreye liy direktris sou Divèsite ak Enklizyon atravè Eta a anvan dat 31 Desanm 2018, epi pou yo sipèvizè aplikasyon ki efikas pou plan ki espesifik selon ajans yo. Dekrè Egzekitif lan ap kreye tou yon Komite Egzekitif pou Divèsite ak Enklizyon pou konseye Gouvènè a, Ofisye Divèsite An Chèf lan ak Komisè Sèvis Sivil lan sou fòmilasyon ak kowòdinasyon plan, politik ak pwogram ki an rapò divèsite ak enklizyon nan tout departman ak ajans Eta yo, epi nan asire aplikasyon ki efikas pou inisyativ sa yo.

### **Efò Adisyonèl pou Kreye Espas Travay San Asèlman yo**

Gouvènè Cuomo angaje nan bay efò sou divès fasèt pou konbat asèlman seksyèl nan espas travay yo, ajoute pi plis sou [Kalandriye Fanm pou New York 2018 li an: Dwa egal ego, Opòtinite egal ego](#). Apa ke kondisyon ki mansyone anlè la yo, nouèl lwa a tou:

- Anpeche patwon yo itilize yon pwovizyon abitraj obligatwa nan yon kontra travay ki an relasyon a asèlman seksyèl;
- Mande ofisye ak anplwaye yo ki nan eta a oswa nenpòt antite piblik yo pou yo ranbouse eta a pou nenpòt pèman leta oswa piblik ke yo te fè apre yon jijman pou move zak entansyonèl ki an rapò ak asèlman seksyèl;
- Asire ke yo kapab itilize akò pou pa fè divilgasyon yo sèlman lè kondisyon konfidansyalite an se preferans eksplisit viktim lan; epi
- Amande lwa a pou pwoteje antrepriz, antrepriz segondè, machann, konsiltan oswa lòt antite ki ap bay sèvis nan espas travay yo kont asèlman seksyèl nan espas travay lan.

**Ofisye Divèsite An Chèf pou Eta New York, Lourdes Zapata, te deklare,** “Divèsite se youn nan pi gwo fòs Eta New York yo, men nou pa ka kontinye fè pwogrè jiskaske espas travay nou yo vin san diskriminasyon ak asèlman. Mezi ke yo te anonse jodi a gen doub fonksyon—yo ap alafwa etabli epi reyalize plan sou divèsite ak enklizyon yo atravè eta a apati Biwo pou Jesyon Divèsite a, epi bay anplwayè piblik ak prive yo resous ke yo bezwen pou byen jere move kondwit yo. Sou lidèchip Gouvènè a, nou ap bay espas travay yo mwayen pou favorize yon anviwònman ki pi enklizif, pwodiktif, epi asire ke anplwaye yo konnen ke yo pral koute vwa yo”.

**Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te di,** “Ak anons jodi a, Gouvènè Cuomo ap elve nivo a nan asire ke chak biznis ki nan Eta a gen gwo estanda pou prevansyon asèlman seksyèl yo. Nan kad etid Diferans Salaryal Ki Baze sou Sèks ane pase a, nou te tandè egzanp asèlman seksyèl òrib yo ki ap antrave kapasite yon moun pou pwogrese, non sèlman nan espas travay lan men tou pandan tout karyè yo. Nan Eta New York, nou ap bay sib asèlman seksyèl yo mwayen pou soti nan kache epi mande yo poze aksyon”.

**Komisè Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights), Helen Diane Foster, te di,** “Nouèl liy direktris sa yo ap ranfòse pi plis lwa dwa imen ki pi ansyen yo nan peyi a epi kontinye demontre angajman Gouvènè ak Eta a pou pwoteje dwa tout abitan yo”.

**Michael N. Volforte, Direktè Biwo pou Relasyon Anplwaye Gouvènè a, te deklare,** “Eta New York pran responsabillite li pou abòde tout fòm diskriminasyon ak asèlman sou anplwaye yo seryezman. Nouvèl mezi sa yo ke yo te anonse jodi a pral pwopoze opòtinite egal nan alafwa sektè piblik ak prive, epi asire ke tout anplwaye yo jwenn yon anvivònman travay ki pi sekirize epi pi enklizif”.

**Lola W. Brabham, ki se Komisè Pa Enterim nan Depatman Sèvis Sivik la, te deklare,** “Eta New York gen yon istwa long epi fyè nan anbrase divèsite ak enklizyon, epi sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap kontinye fè pwogrè drastik pou kreye epi ranfòse opòtinite pou tout moun New York yo. Aksyon jodi a yo ap ajoute sou pwogrè sa a epi yo pral ale lwen pou rive asire devlopman ki efikas ak reyalizasyon inisyativ sou divèsite, enklizyon, ak opòtinite egal ego yo atravè antyète mendèv Eta a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)